


# Kontak

## phone numbers

| | |
|---|---|
| **Countdown to Kindergarten** | (617) 635-6816 or (617) 635-9288 |
| **Nimewo Telefòn Lekòl Piblik Boston** | (617) 635-9000 |
| **Komite Lekòl Boston** | (617) 635-9014 |
| **Apranti Lang Angle** | (617) 635-9435 |
| **Sèvis Manje ak Nitrisyon** | (617) 635-9144 |
| **Sèvis Sante** | (617) 635-6788 |
| **Rezo Resous Edikasyon Moun Ki Pa Gen Kote Pou Rete** | (617) 635-8037 |
| **Sant Evalyasyon ak Konsèy Moun Nouvo** | (617) 635-1565 |
| **Biwo Angajman** | (617) 635-7750 |
| **Liy Dirèk Lekòl (Janvye, Out ak Septanm):** | (617) 635-9046 |
| **Edikasyon Espesyal** | (617) 635-8599 |
| **Transpòtasyon** | (617) 635-9520 |

**Sit Entènèt**

**Countdown to Kindergarten**
www.countdonwtokindergarten.org
**Discover BPS**
www.discoverbps.org
**Enskripsyon Davans sou Sit Entènèt**
https://sis.mybps.org
**Sit Entènèt Lekòl Piblik Boston**
www.bostonpublicschools.org
**BOSTONavigator**
**(chache pwogram nan Lè ki pa lè Lekòl nan Boston):**
www.bostonavigator.org
**Talk, Read, Play**
www.talkreadplay.org
**Biwo Angajman**
www.bostonfamilies.org

Haitian

# Boston Public Schools
# Lekòl Piblik Boston
# Gid Enskripsyon pou JadenDanfan Pou Ane Lekòl SY 2016-2017

I'm going to Kindergarten!

Countdown to Kindergarten Boston

BOSTON Public Schools
Focus on Children

# Tchèklis Enskripsyon

- ☐ **ETAP 1:** Pou jwenn lis lekòl you yo, vizite www.discoverBPS.org
- ☐ **ETAP 2:** Sèvi ak nouvo sistèm sit entènèt SIS nou an pou enskri davans **https://sis.mybps.org/aspen/index.html**
- ☐ **ETAP 3:** Pote dokiman sa yo
  - Kopi orijinal batistè pitit ou a, fòm I-94 osinon paspò *
  - Kat vaksinasyon pitit ou a ki ajou
  - Foto idantifikasyon Paran/Responsab

  *Ak de nan sa yo:*
  - Dokiman sou lojman dwe pre-enprime ak non epi adrès aktyèl paran/responsab elèv la.
  - Yon bòdro (se pa dlo osinon telefòn selilè pòtab) ki date nan dènye 60 jou ki sot pase la yo
  - Resi lwaye aktyèl la, akò Seksyon 8, osinon afidavi lojman BPS
  - Papye kay osinon bòdro ipotèk kay ki date nan dènye 60 jou ki sot pase la yo, osinon enpo lokatif ki date nan dènye ane ki sot pase la a
  - Yon fòm W2 ki date nan ane a, osinon yon souch chèk ki date nan dènye 60 jou ki sot pase la yo
  - Yon lèt ki soti nan yon ajans* gouvènman an apwouve ki date nan dènye 60 jou ki sot pase la yo
  - Yon papye labank osinon yon relve kont kat kredi ki date nan 60 dènye jou ki sot pase la yo
- ☐ **ETAP 4:** Vizite youn nan Sant Dakèy yo
- ☐ **ETAP 5:** Kesyon? 617-635-6816. Vizite: **www.countdowntokindergarten.org**

# Konte an Desandan nan Yon Koutje




## 1 Kòmanse Lekòl!

### SEPTANM

Premye Jou Jadendanfan nan Lekòl Piblik Boston jeneralman kòmanse Lendi apre Jounen Nasyonal Travay, men gen kèk lekòl ki kapab kòmanse pi bonè. Vizite sit entènèt nou an pou ka gen enfòmasyon ki ajou.

- Vin patisipe ak nou nan fèt Jounen Jadendanfan nan bibliyotèk nan katye w la.
- Make Kalandriye w 17yèm Selebrasyon Anyèl Konte Andesandan pou Jadendanfan nan Mize Timoun Boston.
- N ap voye plasman nan Otobis yo pa lapòs nan fen mwa Out.

## 2 Pare pou Lekòl

### JEN – OUT

- Asire w ou pran Mayo gratis ou nan bibliyotèk nan katye w la epi tcheke pou wè si gen aktivite gratis pou fanmi elèv jadendanfan nan vil la.

## 3 Rankontre Lekòl ou a

### MAS - JEN

- Fanmi ki enskri nan premye tou a (4 Janvye – 29 Janvye 2016) Jeneralman, yo jwenn plasman lekòl yo a pa lapòs nan fen mwa Mas.
- Ant Avril ak Jen konsa, nouvo lekòl pitit ou a ap envite w pou vin nan yon Sesyon Akèy pou vizite sal klas, pale ak direktè lekòl la epi pwofesè yo, lèfini rankontre ak lòt nouvo fanmi.

## 4 Enskri pou Lekòl

### JANVYE

- **Premye peryòd enskripsyon an ap 4 Janvye 2016** – 29 Janvye 2016 Vizite nenpòt ki Sant Dakèy (WC) pou enskri. Ou kapab ekonomize tan pandan vizit ou a si ou enskri davans sou sit entènèt nan https://sis.mybps.org.
- Nou vreman ankouraje w pou make senk lekòl pou pi piti (plis pi bon toujou) nan fòm enskripsyon w nan epi mache ak TOUT dokiman ki egzijib yo.
- Si ou ap enskri pou K2 epi Angle se pa lang natif-natal pitit ou a osinon yo pale yon lòt lang nan kay la, pandan ou nan Sant Dakèy la, pitit ou a ap tou gen yon randevou pou yo fè yon Evalyasyon Lang Angle pou li nan Sant Evalyasyon ak Konsèy Moun Nouvo (NACC). Etap enskripsyon an ap pran de (2) vizit.

## 5 Vizite & Chwazi Lekòl

### NOVANM – JANVYE

- Fanmi k ap enskri pitit yo nan jadendanfan pou sa yo Ane lekòl la - yo ta dwe pran lis lekòl yo a nan "**www.DiscoverBPS.org.**"
- Rankontre ak direktè lekòl yo ak pwofesè yo, epi gade travay elèv nan Egzibisyon nan Lekòl nou yo nan pwogram matènèl, elemantè, ak lekòl K-8, 5 Desanm 2015.
- Vizite anpil lòt Lekòl nan Lèv Vizit Davans 7 Desanm 2015 - 22 Janvye 2016.



# Poukisa se BPS?

Fanmi Boston yo gen anpil chans pou gen plis chwa pou edikasyon pitit yo pase prèske tout lòt kote nan Etazini – epi w ap jwenn kèk nan sa ki pi bon yo ak plis chwa ki enteresan nan Lekòl Piblik Boston. Soti nan matènèl rive nan lekòl mwayen epi kontinye nan lekòl segondè, lekòl nou yo ofri eksperyans akademik, sosyal ak kiltirèl ki jwenn atansyon nasyonal.

**Pami tout chwa yo genyen:**

- Yon gwo-manman pwogram jadendanfan, ak garanti yon jounen annantye "K2" pou tout timoun senkan, plis pase 2,700 plas pou timoun katran, epi pwogram jounen pwolonje pou ti kat-kat, ak tout yon pwogram "Montessori".
- Yon bann pwogram ki soti nan jadendanfan rive nan 8yèm ane (K-8), lekòl inovatif, lekòl pilòt ak lekòl chatè nan distri a k ap ogmante nan tout vil la.
- Lekòl ki gen pwogram pou elèv ki gen anpil talan epi ki fò anpil, Elèv k Ap Aprann Lange Angle, ak elèv ki andikape.
- Kantite elèv ki nan sal klas nou yo pi piti pa rapò ak anpil lòt distri lekòl ki nan katye-retire yo. Nan jadendanfan rive nan dezyèm ane, pi plis kantite elèv ki genyen nan sal klas yo se 22 elèv.
- N ap agrandi opòtinite atizay pou tout elèv. Inisyatif Agrandisman Atizay BPS ap travay pou chak grenn elèv nan K-8 gen enstriksyon nan atizay nan lekòl yo chak semenn.

Mèsi paske ou chwazi Lekòl Piblik Boston pou fanmi w. Nou paka tann pou nou ba w plis rannman pase sa w ap atann nan men nou epi pou nou mete tèt-ansanm ak ou pou prepare pitit ou a pou li reyisi soti nan jadendanfan rive nan lekòl segondè ak apresa.

# Chwazi yon Lekòl

Regleman plasman nan Lekòl Piblik Boston chita sou plan Baze-Lakay pou elèv nan jadendanfan rive nan uityèm ane. Li la pou ede elèv ale nan lekòl ki gen kalite, ki pi pre lakay yo.

**Plan lekòl Baze-Lakay la:**

- Ogmante chans yon fanmi genyen pou jwenn tòp chwa lekòl yo a
- Ogmante aksè ak lekòl ki gen kalite an jeneral
- Asire chak grenn timoun nan jadendanfan ki fèk ap antre lekòl jwenn lekòl ki gen kalite li kapab chwazi ladan yo
- Redui ak 40 pousan nan kantite distans an mwayèn yon timoun fè pou al lekòl

**Anvan yo enskri an Janvye a, fanmi yo gen chwa pou patisipe nan sezon Chwa Lekòl nou yo lè yo sèvi ak Plan Baze-Lakay la:**

- Vizite DiscoverBPS.org epi pran yon lis chwa lekòl endividyalize pou chak grenn fanmi baze sou adrès lakay yo ak klas timoun nan ap fè a. Li gen ladan li chak grenn lekòl ki nan yon distans yon mil ak lakay yo, lèfini, depi gen bezwen pou fè sa, y ap jwenn lekòl ki pa twò lwen ki gen nivo pèfòmans ak devlòpman nan MCAS ki pi wo yo.
- Vin nan yon Egzibisyon nan Lekòl Nou Yo 5 Desanm 2015 soti a 9AM - 1PM. Tout lekòl K-8 nan BPS ap ouvè pou akeyi fanmi ki enterese nan vizite lekòl anvan yo fè Chwa Lekòl yo a.
- Si ou pat gen yon chans pou vizite tout lekòl ki nan lis ou yo 5 Desanm, ou kapab vizite lòt lekòl pandan Lè Vizit Davans lekòl yo apati 7 Desanm 2015 – 22 Janvye 2016.

# Enskri pou Lekòl

**Kimoun?**

•5 ane disi premye Septanm 2016, li elijib pou K2 Jadendanfan nan BPS.

•4 ane disi premye Septanm 2016, li elijib pou K1 Jadendanfan nan BPS.

•3 ane disi premye Septanm 2016, li elijib pou K0 Jadendanfan nan BPS.

**Plas K1 ak K0 pa garanti**

N ap fè w konnen, alòs BPS ap eseye plase timoun nan lekòl fanmi yo chwazi, se toutotan sa posib. Aplikan K2 kapab chwazi pou yo plase yo administratifman pou ka gen garanti yon plas nan fen premye tou enskripsyon yo. Timoun ki ap gen sizan 31 Desanm ap jwenn yon plas jadendanfan si youn nan chwa li te aplike pou li yo pa disponib.

**Ki Kote?**

Ou kapab enskri davans sou sit entènèt si ou sèvi ak https://sis.mybps.org men souple. sonje w ap bezwen pou fin konplete etap la lè w vizite Sant Dakèy la epi pote tout dokiman ki egzijib yo. Si pitit ou a antre nan K2 epi Angle pa lang natif-natal li, etap enskripsyon ou an ap gen ladan yon vizit apa nan Sant Evalyasyon ak Konsèy Moun Nouvo (NACC) pou yon evalyasyon lang Angle ak konsèy sou chwa lekòl.




| **Konplete etap enskripsyon an nan nenpòt ki Sant Dakèy nan lokal sa yo.** | |
|---|---|
| **Dorchester**<br>Campbell Resource Center<br>1216 Dorchester Ave.<br>Dorchester, MA | **East Boston**<br>Mario Umana Academy<br>312 Border St., East Boston, MA<br>Furan Isniinaha iyo Ouvè Lendi ak Madi a 8:30 a.m.-5 p.m. An Janvye orè Mèkredi |
| **Mattapan**<br>Mildred Ave K-8, Rear Entrance<br>5 Mildred Ave., Mattapan, MA<br>*Ouvè Jedi ak Vandredi 8:30 a.m.-5 p.m..* | **Roxbury**<br>Bruce C. Bolling Building<br>(Dudley Sq) 2300 Washington St.,<br>2zyèm Etaj, Roxbury, MA |
| **Roslindale**<br>Jennie Barron Bldg.<br>515 Hyde Park Ave., Roslindale, MA | |
| **Sant Evalyasyon ak Konsèy Moun Nouvo "Newcomer Assessment and Counseling Center NACC)**<br>Bruce C. Bolling Building (Dudley Square)<br>2300 Washington St. 2° andar, Roxbury, MA (617) 635-1565<br>Lè nou Ouvè: Lasemenn 9:00 AM – 5:00 PM<br>Ou dwe vizite Sant Dakèy la anvan pou ka pran yon randevou pou evalyasyon | |

**Kilè?**

Dapre yon orè nan lòd alfabetik (ki make pi ba a ). Enskri nan peryòd sa a pou ka gen plis chans pou jwenn yon plasman nan youn nan lekòl ou vle yo. **Baze sou siyati paran/responsab:**

**waalidka/koriyaha:**

**A-I: Jan 4-8 | J-Q: Jan 11-15 | R-Z: Jan 19-22 | All: Jan 25-29**

Enskripsyon davans kòmanse byen bonè depi nan mitan mwa Desanm ak nan tout mwa Janvye a. Ou kapab enskri pitit ou a davans sou sit entènèt nan **https://sis.mybps.org!**

# Prepare pou lekòl

Pale, li ak jwe ak timoun lè yo ti kat-kat ede yo devlope byen epi mete yo sou chimen reyisit nan lekòl. Vil Boston an defini yon "timoun ki pare pou lekòl" tankou youn ki:

1. Fè entèaksyon pozitif ak lòt timoun epi granmoun;
2. Fouyapòt epi ki renmen aprann bagay ki nouvo;
3. Kapab konsantre epi peye lòt moun osinon aktivite atansyon;
4. Santi li byen ak tèt li;
5. Kapab kontwole emosyon li;
6. Ansante, an sekirite, byen poze epi byen nouri;
7. Gen konesans apwopriye;
8. Gen kapasite langaj ki apwopriye, epi
9. Gen kapasite fizik ki apwopriye.

Nan fè twa bagay sa yo ak timoun chak jou – pale, li ak jwe – ou kapab sipòte pitit ou a pou li ka pare pou lekòl.

talk read play